

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode jeung Variabel Panalungtikan**

##### **3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Numutkeun Syamsuddin jeung Damaianti (2007: 14) méthode nya éta “*cara pemecahan masalah penelitian yang dilaksanakan secara terencana dan cermat dengan maksud mendapatkan fakta dan simpulan agar dapat memahami, menjelaskan, meramalkan, dan mengendalikan keadaan*”.

Méthode jeung téhnik panalungtikan baris nangtukeun hasil-henteuna hiji panalungtikan. Ku sabab kitu, unggal panalungtikan merlukeun méthode jeung téhnik panalungtikan nu luyu jeung nu ditalungtik. Ngaliwatan méthode nu merenah, saurang panalungtik teu ngan saukur bisa manggihan pakta salaku hal nu nyata, tapi ogé mampuh ngiker-ngiker kamungkinan nu bisa kajadian ngaliwatan éta fakta.

Méthode panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode ékspérimén murni atawa ékspérimén sabenerna. Méthode ékspérimén digunakeun lantaran luyu jeung tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nya éta éfektivitas média musikalisasi dina pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak.

Numutkeun Sukardi (2003) dina Syamsuddin jeung Damaianti (2007: 22) nyebutkeun yén panalungtikan ékspérimén mangrupa inti tina panalungtikan nu aya. Hal ieu dilantarankeun dina ieu méthode, panalungtik ngalakukeun panalungtikan kalayan nyumponan tilu rupa sarat nya éta ngontrol,

ngamanipulasi, jeung ngaobservasi. Dina ieu panalungtikan, panalungtik kudu ngabagi subjék nu ditaliti kana dua kelompok nya éta kelompok nu meunang *perlakuan* (kelompok ékspéremén) jeung kelompok nu teu meunang *perlakuan* (kelompok kontrol).

Panalungtikan nu ngagunakeun pamarekan ékspérimén boga maksud jeung tujuan pikeun nalungtik kamungkinan ayana hubungan sebab-akibat (*cause and effect relationship*), ku cara ngagunakeun hiji atawa leuwih kelompok ékspériménal jeung hiji atawa leuwih kondisi ékspérimén. Hasilna dibandingkeun jeung hiji atawa leuwih kelompok kontrol nu teu meunang *perlakuan*. Danim (2002) dina Syamsuddin jeung Damaianti (2007: 150-151)

### 3.1.2 Variabel Panalungtikan

Arikunto (2002: 96) nétélakeun yén “anu disebut variabel panalungtikan nya éta objék panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur panitén dina panalungtikan”.

Dina panalungtikan anu maluruh ngeunaan pangaruh tina salah sahiji *perlakuan* atawa *treatment*, sok aya nu disebut variabel bébas jeung variabel kauger. Hal ieu luyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2002:97) yén “dina panalungtikan nu maluruh salah sahiji *treatment* aya anu disebut variabel anu mangaruhan, nu biasa disebut variabel bébas (*independent variable*) jeung aya ogé variabel akibat atawa variabel kauger (*devendent variable*)”.

Dumasar kana jenis variabel di luhur, nu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta média musikalisasi nu mangrupa *treatment* atawa

perlakuan, sedengkeun variabel kaugerna nya éta hasil diajar maca (ngaprésiasi) sajak siswa kelas VIII MTs Darul Hikmah Tasikmalaya.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *pre test and pos test two group design* kalawan ngagunakeun kelompok pembandingan acak. Éta desain bisa katitén dihandap ieu:

**Bagan 3.1**  
**Rarancang Ékspérimén**

Kelompok Ekspérimén	Y <sub>1</sub>	X	Y <sub>2</sub>
Kelompok Kontrol	Y <sub>1</sub>	-	Y <sub>2</sub>

(Arikunto, 1998: 300)

Katerangan:

- Y<sub>1</sub> = Hasil observasi saméméh perlakuan (Pretés)
- Y<sub>2</sub> = Hasil observasi sabada perlakuan (Postést)
- X = Perlakuan di kelas ékspérimén maké média musikalisasi

Léngkah-léngkah desain pretés-postés kalawan ngagunakeun kelompok pembandingan acak nya éta:

- 1) milih kelas ku cara diundi pikeun nangtukeun kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol.
- 2) ngalaksanakeun pretés (Y<sub>1</sub>) di kelompok ékspérimén jeung di kelompok kontrol;
- 3) ngalaksanakeun uji coba ngajarkeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di kelompok ékspérimén maké média musikalisasi jeung di kelompok kontrol

teu maké média musikalisasi;

- 4) ngalaksanakeun postés (Y2) boh dikelompok ékspérimén boh di kelas kontrol;
- 5) ngitung bédana hasil pretés (Y1) jeung hasil postés (Y2) di kelompok ékspérimén jeung di kelompok kontrol;
- 6) ngitung rata-rata pretés (Y1) jeung postés (Y2) di kelompok ékspérimén jeung di kelompok kontrol;
- 7) ngabandingkeun bédana dua rata-rata postés kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol pikeun nangtukeun naha variabel média musikalisasi jeung nu teu ngagunakeun média musikalisasi aya pangaruhna atawa henteu.

### 3.3 Populasi jeung Sampel

Populasi mangrupa sagemblengan sumber data anu mangrupa individu-individu atawa mangrupa barang anu jadi obyék panalungtikan. Sakumaha nurutkeun Arikunto, “*populasi adalah keseluruhan subjék yang akan diteliti*” (Arikunto, 1989: 157).

Dina ieu panalungtikan, anu jadi populasi téh nya éta sakabéh siswa Kelas VIII MTs Darul Hikmah Tasikmalaya, Kec. Sukaresik, Kabupaten Tasikmalaya, Taun Ajaran 2008/2009, lantaran di MTs Darul Hikmah nu jadi tempat panalungtikan kelas VIII-na ngan aya dua kelas, jadi dina ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total, nu mana ngalibetkeun sakabéh populasi nu aya.

Pikeun nangtukeun kelas ékspérimén (media musikalisasi) jeung kelas kontrol, panalungtik nangtukeun dua kelas saenggeus diundi pikeun nangtukeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Hasil tina ngundi ieu, panalungtik meunang dua kelompok, nya éta kelompok ékspérimén ku kelas VIII-A jeung kelompok kontrol ku kelas V-III B. Sangkan leuwih kagambarkeun, kaayaan dua kelompok ékspérimén jeung kontrol tadi bisa katitén dina tabél di handap.

**Tabél 3.1**  
**Jumlah Siswa Kelas VIII MTs Darul Hikmah**  
**salaku Subjék Panalungtikan**

Kelompok	Kelas	Siswa		Jumlah
		Lalaki	Awéwé	
Ekspérimén	VIII-A	18	30	48
Kontrol	VIII-B	19	27	46
Jumlah Total		37	57	94

*Sumber : Tata Usaha MTs Darul Hikmah, Pebruari 2009*

### 3.4 Téhnik jeung Instrumén Panalungtikan

#### 3.4.1 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

##### 1) Uji Coba

Uji coba di dieu maksudna nya éta nguji coba kamampuh siswa dina maca (ngaprésiasi) sajak ngagunakeun média musikalisasi jeung teu ngagunakeun média musikalisasi.

##### 2) Tés

Téhnik tés digunakeun dua kali nya éta pretés jeung postés pembelajaran. Pretés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh maca (ngaprésiasi) siswa kana sajak saméméh kagiatan diajar, sedengkeun postés digunakeun pikeun mikanyaho

kamampuh siswa sanggeus kagiatan diajar. Ku cara ngabandingkeun hasil tés di awal jeung di ahir, bakal kanyahoan éféktivitas pembelajaran anu dilaksanakeun jeung hasil pembelajaran anu dihontal ku siswa.

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Instrumén ieu fungsina pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kamampuh siswa dina diajar maca (ngaprésiasi) sajak maké média musikalisasi jeung teu maké média musikalisasi.

Instrumén panalungtikan bisa disebut hadé pikeun dijadikeun alat ukur, numutkeun Arikunto (1993: 56) kudu nyumponan sababaraha sarat, nya éta 1) *Validitas*; 2) *Réliabilitas*; 3) *Objéktivitas*; 4) *Praktibilitas*; 5) *Ekonomis*.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar kana indikator jeung tujuan dina Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda kalayan matéri aprésiasi sajak kelas VIII seméster 2 taun ajaran 2008/2009 nu saméméhna geus disusun ku panulis. Kahontal henteuna tujuan tina prosés diajar ngajar aprésiasi sajak bisa katitén ku jalan ngagunakeun tés.

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

#### 1. Tés

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dina wangun uraian. Sanajan dina umumna tés uraian gedé pangaruh subjéktifna, tapi panalungtik narékahan ieu instrumén sangkan bisa jadi alat ukur nu merenah, objéktip,

jeung nyingkahan unsur subjektif ti nu méré nilai. Ku kituna, panalungtik nyieun papagon skor jawaban tina soal nu dibikeun ka siswa. Pikeun gambaran instrumén tés uraianana bisa katitén dina lampiran.

## 2. Naskah Sajak

Sajak nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *Lir Cahya Nyorot Eunteung* karya Karna Yudibrata sakumaha ieu di handap.

### **LIR CAHYA NYOROT EUNTEUNG**

Karya : Karna Yudibrata

Gusti teu peryogi puji  
Teu nampa cinta  
Teu nampi asih

Sabab Gusti Maha Asih

Puji cinta jeung Asih  
lir cahya  
nu nyebrot eunteung  
mulang genclang  
wuwuh caang

Mun diteuteup  
Matak sérab  
Nyongkab ngarérab

Ngarah iuh wuwuh linduh  
Urang ruku tuluy sujud  
Istirah luhur sajadah.

(Dicutat tina buku antologi sastra *Lir Cahya Nyorot Eunteung*)

## 3. Karya Musikalisasi

Karya musikalisasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sanggian Nudhika ti kelompok musikalisasi Tangara Bulan dina sajak *Lir Cahya Nyorot Eunteung* karya Karna Yudibrata dina wangun track audio MP3.

### 3.5 Tehnik Analisis Data Pretés jeung Postés

#### 3.5.1 Uji Normalitas Data

- Nangtukeun hipotésis nol ( $H_0$ ).
- Néangan skor tina hasil data pretés jeung postés.
- Nyieun table frékuénsi distribusi ngaliwatan tahap-tahap:

a) Néangan R (range) = x luhur – x handap

b) Jumlah siswa ( $n$ )

c) Néangan interval kelas ( $K$ ) =  $1+3,3 \text{ Log } n$

d) Néangan panjang interval =  $\frac{R}{K}$

- Néangan rata-rata ( $X$ ):

$$\bar{x} = \frac{\sum_i^n x_i}{n}$$

Keterangan:

$\bar{X}$  = mean

$\sum x_i$  = jumlah skor

$n$  = jumlah siswa

- Néangan Standar deviasi ( $Sd$ )

$$Sd = \sqrt{\frac{\sum (X_i - \bar{X})^2}{n - 1}}$$

- Nyieun tabél observasi jeung tabél frékuénsi perkiraan:

$$\text{Néangan } Z \text{ skor} = \frac{Zb - X}{Sd}$$

Keterangan :  $Z$  = skor standar

$S$  = standar deviasi

$Zb - X$  = béda antara skor jeung kelas interval

- Néangan panjang masing-masing interval kelas.



- Néangan tabél frékuénsi
- Néangan chi-kuadrat

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- Nguji hipotésis dari distribusi normal
  - a) ningali kana katangtuan hipotésis;
  - b) Ngecék taraf signifikansi ( $\alpha$ ) dina level P: 0,05;
  - c) Nangtukeun derajat kabébasan  $dk = (K - 1)$ ;
  - d) Ngabandingkeun statistik itung jeung statistik table tina derajat kabébasan.  
Lamun  $x_{itung}$  leuwih leutik tibatan  $x_{tabel}$ ,  $H_o$  ditarima.

### 3.5.2 Uji Homogénitas Data

- Nguji hipotésis  $H_o$ ;  $S_1 = S_2$  (varian ti kelas ékspérimen jeung kelas kontrol dina pretés jeung postés nya éta sarua).
- Seting taraf signifikansi dina level P = 0,05.
- Ngitung nilai varian ngagunakeun formula F.

$$F = \frac{S_1^2}{S_2^2}$$

- Nangtukeun derajat kabébasan

$$dk_1 = n_1 - 1$$

$dk_1$  = dk pembilang

$$dk_2 = n_2 - 1$$

$dk_2$  = dk angka sebutan (dalam bil. pecahan)

$n_1$  = nomor tina sampel anu varianna luhur

$n_2$  = nomor tina sampel anu varianna handap

- Nangtukeun nilai  $F_{tabel}(0,05)$

Lamun  $F_{itung} < F_{tabel}$  berarti homogénitas,  $H_o$  kudu ditolak.

### 3.5.3 Nguji t (t-tes)

#### 3.5.3.1 Uji Kesamaan Rata-rata Pretés jeung Postes Kelas Kontrol jeung

##### Kelas Ékspérimén

- Nangtukeun  $H_o = \bar{X}_e - \bar{X}_c$
- Nangtukeun taraf signifikansi dina level  $t_{(0,05)}$  ngaliwatan arah nu jelas.
- Nangtukeun rata-rata standar error ( $S_e, n_e, X_e$ ) tina kelompok ékspérimén jeung standar error tina kelompok control ( $S_c, n_c, X_c$ ).
- Néangan kelompok tina standar deviasi:

$$S_{cluster} = \sqrt{\frac{(n_e - 1)S_e^2 + (n_c - 1)S_c^2}{n_e + n_c - 2}}$$

- Ngitung standar error tina hasil béda dua rata-rata:

$$S\{(X_e) - (X_c)\} = \sqrt{\frac{S_e}{n_e}} + \sqrt{\frac{S_c}{n_c}}$$

- Ngitung niléi t ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{\bar{X}_1 - \bar{X}_2}{S_{cluster} \sqrt{\frac{1}{n_1} + \frac{1}{n_2}}}$$

- Nangtukeun derajat kabébasan ( $dk$ )

$$dk = (n_1 - 1) + (n_2 - 1)$$

- Nangtukeun  $t_{tabel}$  dina table  $t_{(0,01)}$  .

- Ngabandingkeun  $t_{itung}$  &  $t_{tabel}$ . Lamun  $t_{itung} < t_{tabel} = H_o$  ditarima, jeung sabalikna. Cindekna hipotésis alternative = ditarima.

### 3.5.3.2 Uji Béda Rata-rata Pretés jeung Postés Kelas Kontrol jeung Kelas Ékspérimén

Néangan uji perbédaan rata-rata pretés jeung postés unggal kelas kudu diitung béda niléina (gain), nya éta skor postés – skor pretés. Anapon rumus pikeun ngitung uji béda rata-rata niléi postés jeung pretés kelas kontrol jeung ékspérimén nya éta:

$$t = \frac{m_x - m_y}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + y^2}{n_1 + n_2 - 2}\right) \left(\frac{1}{n_1} + \frac{1}{n_2}\right)}}$$

Katerangan:

$m_{xy}$  = niléi rata-rata gain  
 $x^2, y^2$  = jumlah kuadrat deviasi  
 $n_1, n_2$  = lobana siswa

Anapon rumus-rumus néangan  $m_x, m_y, \sum x^2, \sum y^2$  nya éta:

$$m_x = \frac{\sum x}{n} \qquad \sum x^2 = x^2 - \frac{(x)^2}{n}$$

$$m_y = \frac{\sum y}{n} \qquad \sum y^2 = y^2 - \frac{(y)^2}{n}$$

## 3.6 Uji Coba Kegiatian Pembelajaran

### 3.6.1 Tatahar Kegiatian Pembelajaran

William Burton dina Usman (2002: 21) nétélakeun yén nu disebut ngajar téh nya éta ngaping kagiatian diajar murid nepi ka maranéhna daék diajar.

Aktivitas murid diperlukeun dina kagiatan pembelajaran, murid diperedih sangkan aktif sabab murid téh mangrupa subjék didik.

Kagiatan ngajar lumangsung sacara tuluy-tumuluy tur ngalibetkeun guru, média, murid, tujuan, kurikulum, lingkungan, kulawarga, jeung sajabana. Tina hal éta katangén yén pembelajaran téh mangrupa kagiatan anu kompléks. Ku sabab kitu, saméméh guru ngajar, kudu aya persiapan ngarah tujuan pembelajaranana kahontal. Dina tatahar kagiatan pembelajaran, guru kudu ngararancang bahan pembelajaran anu luyu jeung pamedih kurikulum anu saméméhna geus dijieun dina silabus jeung RPP.

Persiapan kagiatan pembelajaran disusun dina Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), nu mangrupa runtuyan rancangan kagiatan pembelajaran nu sipatna téhnis, pikeun ngahontal kompetensi nu geus ditangtukeun. Bahan pembelajaran anu ditepikeun ku guru ka murid kudu bahan pembelajaran anu sah/valid sarta kudu ditalungtik heula tingkat kapentinganana, aya mangpaatna henteu, pantes diulik henteu, tur méré daya pangirut pikeun siswa.

### **3.6.2 Prosés Pembelajaran**

#### *1) Ngamotivasi Siswa*

Dina kagiatan pembelajaran, hal kahiji nu perlu dilakukeun ku guru nya éta ngamotivasi siswa pikeun énya-énya tur daria dina nampa matéri nu rék ditepikeun, jeung guru ogé kudu bisa numuwuhkeun sikep perluna diajar ka siswa. Hal séjénna nu kudu ditepikeun ku guru ka siswa nya éta ngamotivasi kaaktifan dina kagiatan individu atawa kelompok salila kagiatan pembelajaran.

Ku ayana léngkah motivasi, dipiharep siswa nu mangrupa sasaran dina tujuan kagiatan pembelajaran bisa leuwih kakondisikeun jeung daria dina diajarna.

### 2) *Ngalaksanakeun Pretés*

Pretés dilaksanakeun saacan matéri pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak ngagunakeun média musikalisasi ditepikeun. Pretés dibikeun ka sakabéh objék panalungtikan, nya éta kelas ékspériman jeung kelas kontrol.

Panalungtik ngalaksanakeun pretés dina kamampuh ngaprésiasi sajak *Lir Cahya Nyorot Eunteung* karya Karna Yudibrata kalayan tinimbangan yén pretés ieu miboga peranan penting dina prosés diajar, fungsi pretés ieu sakumaha nu ditepikeun ku Mulyasa (2004:100) nya éta:

- a. nyiapkeun siswa dina prosés diajar ngajar, sabab dina ngalaksanakeun pretés pikiran siswa fokus kana soal nu dibikeun;
- b. pikeun mikanyaho tingkat kamajuan siswa dina prosés pembelajaran nu dilakukeun (ngabandingkeun pre tés jeung pos tés);
- c. pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa kana bahan pembelajaran nu bakal dibikeun;
- d. pikeun mikanyaho ti mana prosés diajar ngajar kudu dimimitian, tujuan mana nu geus dikawasa ku siswa tur tujuan mana nu perlu meunang perhatian.

### 3) *Midangkeun Bahan Pembelajaran*

Bahan pembelajaran maca (ngaprésiasi) sajak ngagunakeun média musikalisasi dipidangkeun di kelas ékspérimén wungkul, sedengkeun di kelas kontrol ngan ukur dibére pretés jeung postés tanpa perlakuan.

*Di kelas ékspérimén, dijaskeun léngkah-léngkah ngaprésiasi sajak ngagunakeun média musikalisasi sajak, saperti ieu di handap:*

- a) siswa dibéré naskah sajak *Lir Cahya Nyorot Eunteung*;
- b) nalika *track audio MP3* geus dijalankeun, siswa kudu saregep dina ngaregepkeun musikalisasi sajak bari niténan kecap-kecap dina naskah sajak;
- c) siswa kudu maham kana eusi sajak sarta ngarti kana maksud jeung tujuan panyajak nu ditepikeun dina éta karya sajak;
- d) siswa dibéré kabébasan pikeun ngabayangkeun kajadian nu aya dina sajak.

#### 4) *Ngalaksanakeun Postés*

Ngalaksanakeun postés mangrupa kagiatan ahir tina kagiatan pembelajaran salila panalungtikan lumangsung. Béda jeung tujuan ngalaksanakeun pretés, tujuan postés ieu sacara umum nya éta pikeun mikanyaho pamahaman siswa kana pangajaran nu geus ditepikeun dina kagiatan pembelajaran.

Tujuan diayakeunna postés ditepikeun ku Mulyasa (2004:102) nya éta:

- a) pikeun mikanyaho pangawasaan siswa kana kompeténsi nu geus ditangtukeun;
- b) pikeun mikanyaho kompeténsi jeung tujuan nu geus dikawasa ku siswa sarta tujuan jeung kompeténsi nu can dikawasa;
- c) pikeun mikanyaho siswa nu perlu ngalaksanakeun rémédiat;
- d) salaku bahan acuan pikeun ngoméan komponén modul tur prosés diajar ngajar nu geus dilaksanakeun (évaluation).